



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 150 MILYON DOLA NAN ASISTANS POU CHOFAJ SÈVIS PIBLIK POU KONSOMATÈ YO

Sipleman pou kay ki gen revni ki fèb ak sila yo ki pa elijib pou aryere yo nan sèvis piblik atravè Pwogram Asistans Ijans pou Lwaye New York la

Finansman atravè Pwogram Asistans Enèji Kay la pou ede Nouyòkè evite dekoneksyon yon fwa ke moratwa sèvis piblik la fini

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke finansman disponib kounye a pou ede kay ki gen revni ki fèb yo ki pran reta sou bòdwo sèvis piblik yo pandan pandemi COVID-19 la. Administre pa Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la, sipleman aryere regilye yo disponib pou kay ki elijib yo pou Pwogram Asistans Enèji Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP) epi ki pran reta sou bòdwo chofaj sèvis piblik yo, men ki pa kalifye pou asistans sèvis piblik la ke yo ofri nan Pwogram Asistans Ijans pou Lwaye (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) nan New York la.

"Kriz sante mondyal la fè yo konsantre sou lit anpil Nouyòkè, ki gen ladan dè dizèn milye kay ki te pran reta yon fason drastik sou bòdwo sèvis piblik yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Asistans enpòtan sa a pral ede kay sa yo peye bòdwo sèvis piblik ki te akimile pandan pik pandemi an epi ede yo evite dekoneksyon potansyèl nan mwa k ap vini yo."

Gen 150 milyon dola ki disponib pou peman yon sèl fwa pou kay ki elijib pou HEAP yo atravè sipleman aryere regilye yo depi koulye a jiska septanm 2022, oswa jiskaske finansman an epuize. Garanti atarvè Lwa Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act) an nan ane 2021, finansman federal la pral kouvri tout aryere chofaj sèvis piblik akimile yo jiska 10,000 dola ak entèveni nan apwòch fen moratwa sou dekoneksyon sèvis piblik yo nan fen desanm nan.

Anviwon 83,000 benefisyè HEAP te pran reta sou bòdwo sèvis piblik yo depi mas 2021, epi kay sa yo ki dwe yon aryere an mwayèn ki apeprè 1,370 dola, oswa apeprè 113 milyon dola nan tout eta a. Pandan Pwogram Asistans Ijans pou Lwaye a ap bay asistans aryere sèvis piblik pou lokatè ki elijib yo, pwopriyetè kay yo ak moun ki pa dwe aryere lwaye yo pa kalifye pou asistans sa a, ki gen ladan kliyan sèvis piblik ki nan minisipalite yo.

Komisè OTDA, Mike Hein te deklare, "Anpil Nouyòkè ki gen revni ki fèb te gen difikilte pou yo pote fado finansye bòdwo sèvis piblik yo menm anvan kòmansman pandemi mondyal la. Asistans enpòtan sa a pral ede soulaje kèk nan fado sa a epi ede kay sa yo evite potansyèl dekoneksyon chokan nan sèvis piblik yo."

Aplikasyon yo dwe satisfè tout [kondisyon elijibilite yo](#) pou resevwa yon avantaj HEAP regilye, ki varye selon revni ak gwosè kay la, epi yo dwe fè pati koleksyon aktif yo oswa otreman fè fas ak dekoneksyon oswa mete fen nan sèvis yo. Aplikasyon yo dwe tou kliyan ofisyèl sèvis piblik yo nan dosye oswa kliyan ki peye yon sèvis piblik dirèkteman.

Yo aksepte plikasyon pou asistans yo nan departman lokal sèvis sosyal yo an pèsòn oswa pa telefòn, epi y'ap bay finansman sou baz yo ap sèvi moun ki vini anvan yo an premye. Ou ka jwenn yon lis biwo lokal yo dapre konte yo [isit la](#). Rezidan andeyò Vil New York yo ka [aplike sou entènèt](#) tou pou avantaj asistans chofaj regilye yo. Rezidan Vil New York yo ka telechaje yon aplikasyon epi jwenn enfòmasyon sou pwogram lan [isit la](#).

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)